

## UKURI

### A. IMVO Z'IVUKA RYA MSD

**MSD “UMUHARI UHARANIRA GUFATANA MUNDA NA DEMOKARASI ”,** wavutse ari uko habonetse umugwi w’abarundi bo mu ntara zose z’igihugu bashira hamwe iviyumviro vyavuye mu banyagihugu gutyo haba harabonetse umushinge wivyo abarundi bipfuza. MSD iba iravutse.

Ariko rero muri uyo mwanya, abensi mubashinze MSD barahuye ningorane baraturatura bitewe n’intwaro ya CNDD-FDD kandi ikiza yavugako ije guharaniranira ukwishira n’ukwizana kw’abarundi bose mubutandukane bw’iviyumviro, ivyo vyatumye bensi murabo basaba ko ivyipfuzo vyabo vyoja ahabona.

Ivyiyumviro vy’ubatse MSD vyatanguye kwegeranywa mu mwaka wa 2007.

Mumpera za 2007 niho abashinze umugambwe begeranya ivyo vyiyumviro gutyo igenekerzo rya 9 kigarama 2007 niho haba inama yambere kumugaragaro yivuka ry’umugabwe MSD yitabwe n’abantu baserukira intara na ma komine yose inyuma y’umwiherero warumaze imisi uriko uragirwa nabo baserukira abandi, babonako bikwiye ko bemanga kumugaragaro ko bashinze umugabwe kugira baronke aho bazocisha ivyo bashaka.

Baraheza bashira imbere umushingantahe SINDUHIJE Alexis ko ariwe yobaja imbere mugushikana iviyumviro vyabo.

## UGUCABUGUFI

N°1

### B. IBIRANGA MSD

Indamutso



Turamutsa n’ukuboko kw’iburyo, tuduza ukuboko hejuru twerekana intoke zibiri (Nkomba rukoko na Nsumbazose) tuvuga duti : « **TUGIRE M.S.D** », bishura bati : « **N’UKURI N’UBUNTU** ».

-**Kuduza ukuboko hejuru bisigura** : *gukura ikiri kumutima tukagishira ahabona.*


-**Insiguro y’intoke zibiri** : *Uburenganzira bwanje n’ubwabandi* (Droits et Devoirs) ; hagati y’intoki zibiri hariyo urudome **V** rusigura itsinzi, ni ukuvugako duharanira intsinzi y’uburenganzira bwanje n’ubwabandi kandi ko aho ubw’uwundi buherera niho ubwanje butangurira.

-**Intoke zitatu zisigaye** :

- **Urukumu** : *Ukuri* (Vérité) ;
- **Gihugu ni ibenga** : *Guca bugufi* (Humilité) ;
- **Agahererezi** : *Ubuntu* (Humanité)

## UBUNTU

Ibendera (Drapeau)



Ibendera rya M.S.D rigizwe n’amabara atatu (3):

- **Ibara ry’ubururu** (Bleu) : risigura « kuroranirwa » (Sérénité);
- **Ibara ry’umucungwa uhishiye** (Orange): risigura « ihinduka » (Changement);
- **Ibara ryera** (blanche): risigura « amahoro » (Paix).

Ikimenyetso kiranga MSD



Ikimenyetso kiranga MSD ni urumuri rw’amahoro (Flambeau de la Paix).

## C. INGORANE UMUGAMBWE MSD WAGIYE URACAMWO GUSHIKA WEMERERWE GUKORERA K'UMUGARAGARO

Intwaro ya CNDD-FDD imaze kubona ico MSD izaniye abarundi, ntiyashotse yemera ko ija ahabona ninaco gituma kugira yemererwe gukorera ababona vyatwaye hafi imyaka ibiri; Leta ya CNDD-FDD yitwaza emama ngo ijambu umutekano rivemwo emama ngo amadosiye ngo ntakwiye, ariko ivyo tuzi nuko ivyo vyose rware ugwitwazo ataco ruvuze kugira bawuburagize kuko iringo jambo umutekano turiha ikibanza muri rusangi.

MSD ikivuka yitwa **"UMUHARI UHARANIRA UMUTEKANO NA DEMOKARASI».**

- **Akarusho MSD** izaniye abarundi nuko iringa iterambere riva hasi riduga hejuru ni ukuvuga iterambere riva kumutumba; MSD yaje kugira abarundi ibakuremwo ubwoba za ntwaro zabateyemwo gutyo baronke iringa ryo gukurikirana ivy'ighugu. MSD iringa ko twese twitwa abana b'uburundi, hagasubiraho kirazira gutyo wa mugera wokuducamwo imigwi, emama ngo aba ni abahutu, abatutsi canke abatwa, emama bakatwitirira intara uranduranwa n'imizi.

- **Uruhara umunywanyi afise muri MSD** twipfuza ko abarundi bose bagira ijambu mubisata vyose mukwubaka ighugu kuko nibo beneco.



Muri MSD iciyumviro cose gitanzwe n'umunyagihugu kirakirwa murupfasoni ntangere maze umugabwe ukakira ivyifuzo vya bose, nico gituma inzego zose za MSD zija biciye mu matora, gutyo wa munyagihugu akitorera uwozomuserukira kandi ashoboye guharanira iciyumviro ciwe.

- **Abazoserukira MSD** munzego z'ighugu bajaho biciye mu matora, umurundi wese avyipfuza akaronka uburenganzira bwoguhiganwa n'abandi muntumbero yogushira imbere abashingantahe b'ijunja n'ijambo bazoserukira abandi atankunzi, ninaho azokorera abanyagihugu n'ishaka kuko aribo bamutoye kandi ari bo nyene bashobora kumuhindura iyo babona ko bikenewe.

- **Umunywanyi** wese canke umukunzi w'umuhari asabwa kwemanga mu kwitangira MSD biciye mukumenyekanisha ivyiyumviro vyavo nugutanga intererano.

- **Abanywanyi:** bose muri rusangi bitwa **Imvugakuri;** ariko haca haza umuhari w'abakenyenzi bitwa **Inzirabugunge** n'umuhari w'urwaruka bitwa **Imurikirakuri.**

Ayo mazina ntiyaje nk'icaduka kuko yatowe turavye aho ighugu kigeze nivyo gikeneye kugira indyane zazingamitse uburundi n'abarundi tuzisezerere, nico gituma umwe wese ategerezwa kugendera izina ryiwe na kare ba sokuru barayamaze ngo « **izina niryo muntu ».**



➤ **Imvugakuri:** indyane zose uburundi burimwo ziterwa nuko abarundi batinya kuvuga ukuri canke batinya ku kuvugana, nico gituma umunywanyi wa MSD wese ahari, ahaguruka agafata iyambere mugushira imbere ukuri muri vyose.

➤ **Inzirabugunge:** umukenyezi ni kirumara mubuzima bw'ighugu ndetse niwe afise uruhara runini mwiterambere ry'ighugu kuko indero yo kuziko itangwa na we. Uravye ingorane zitandukanye zo kwigungirako ivyiza vy'ighugu n'akagwi gato vyaranze uburundi, umukenyezi niwe ategerezwa gufata iya mbere mukurwanya iyo ndwara mbi yateye abana b'uburundi.

➤ **Imurikirakuri:** ighugu kidafise urwaruka ruteguye neza mu ndero nakaranga vyaco ntakazoza kiba gifise, nico gituma muri MSD urwaruka ruhamagariwe kubera umuco (itara) w'ijambo ukuri kuko kutagendera ukuri mu barundi nivyo vyatumye ighugu kirwa mu manga.

- **Icivugo,** Umugambwe MSD urangwa n'icivugo kigizwe n'amajambo atatu: **Ukuri, Uguca bugufi, Ubuntu.**

